*Қарақалпақстан Республикасы*

*Мәлимлеме – китапхана орайы*

*Мағлыўмат библиография хызмети*



# *«Арал жаңа өмир теңизи»*

*Әдебиятлардың усыныў дизими*

*Нөкис – 2020ж.*

# *К И Р И С И Ў*

**Дәрья еле толып ағып,**
**Жағысына қайтар теңиз.**
**Сәл азырақ сабыр етиң,-**
**Бул жер еле зор болады.**

***И. Юсупов, «Бул жер еле зор болады» ,***
***сентябрь, 1988-жыл.***

Арал теңизи Қарақалпақстанның арқа зонасында жайласқан болып, дүньяда көлеми жағынан төртинши орында турыўшы ең үлкен көл есапланады. Теңиз орта әсирлерден баслап жигирмадан артық атамалар пенен аталып келинген. Арал теңизи жағалаўларында жасаўшы түркий тиллес халықлар менен елатлар оны Арқа теңиз, Шор теңиз, Жайҳун теңизи, Жанд көли, Хорезм теңизи, Қара теңиз, Арал теңизи ҳәм басқа да атамалар менен атап келген. Бирақ ең кейингиси - Арал атамасы жеңип шыққан. Дреклерде бул атама Әмиўдәрья дельтасында дәрья тармағы менен теңиз аралығындағы атаў жердиң атынан келип шыққан депте айтылады. Теңиз өзиниң түрли түрдеги мазалы балықлары менен дүньяға даңқ таратып келген. Халқымыз урыс жылларында өзиниң бай теңиз өнимлерин фронтқа жиберип Уллы жеңиске мол үлесин қосты. Гөш-балық комбинатының өзи 1943-жылы 5 миллион 990 мың дана гөш, балық консерваларын, 50 мың центнерден аслам дузланған, қақланған балық өнимлерин фронтқа жиберди. Урыстан соң да балық жетистириў бойынша көплеген жетисkenликлерге еристи. Өзиниң усындай даңқлы тарийх жылнамаларына ийе болған Арал теңизи суўының жетписинши жыллардан баслап тартылып барыўы нәтийжесинде экологиялық жағдай кескинлесе баслады. Арал машқаласы ҳаққында сөз болғанда буны тек ғана Орайлық Азия емес, ал пүткил дүнья мәмлекетлери тилге алатуғын болды. Өткен әсирдиң 80-жылларының ақырларында көтерилген бул мәселени шешиў мәмлекетимиз басшыларының да дыққат орайында болып келмекте. Шынында да, бир ўақытлары гөззал ҳәм бийтәкирар тәбиятқа ийе болған, дүньяға өзиниң түрли мазалы балықлары, қуслары

менен даңқ тараткан Арал теңизиниң бир әўладтың көз алдында қурып кетиўи ең көлемли экологиялық апатшылықты пайда етти. Арал теңизине 1960 – жыллардың орталарына шекем Орта Азиядағы ең үлкен дәрья – Әмиўдәрья ҳәм Сырдәрья сууўлары қуйылып турған. 1970 – жыллардың орталарында Арал теңизиниң майданы 57 мың кв.км., узынлығы 4500 км. болған. Соңғы жыллары Аралдың суўы тартыла баслады. Санлы мағлыўматларға дыққат аўдарсақ, 1960-жылға шекем Арал теңизиниң майданы 68, 9 мық кв. км. ди, көлеми болса 1083 куб км. ди қураған. Бүгинги күни онң көлеми 13 есеге, майданы 7 есеге қысқарды. Суўының бәлентлиги 26 метрге түсти, қырғақ бойы 100 км. ге шегинди. Ҳәзирги ўақытта бул машқалаларды шешиў бойынша елимиз басшылары, алымларымыз, ел азаматлары ат салысып жумыс алып бармақта.

Жәҳән машқаласына айналған Арал апатшылығының ақыбетлерин жумсартыў бойынша Президентимиз Шавкат Мирзиёев әмелий басламалар менен шықты ҳәм бүгинги күнде оның нәтийжелери көринбекте. Президентимиз БМШтың бас ассамблеясының 72 - сессиясында бул машқалаға дүнья жәмийетшилигиниң дыққат-итибарын тартқан еди. Арал бойы регионында экологиялық жағдайды жумсартыў бойынша халықаралық шөлкемлер менен бирге көплеген жойбарлар әмелге асырылды. Және де Арал бойы регионында экологиялық ҳәм социаллық-экономикалық жағдайды, халықтың жасаў тәризи шараятларын жақсылаўға, Арал теңизиниң экологиялық ақыбетлерин жумсартыў бойынша инвестиция жойбарларын өз ўақтында нәтийжели әмелге асырыўға бағдарланған ис-илажлар комплексини әмелге асырыў мақсетинде “2017 – 2021 жылларда Арал бойы регионын раўажландырыў мәмлекетлик бағдарламасы ҳаққында” ғы Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2017 – жылы 18 январь ПҚ-2731-санлы Қарары қабыл етилди.

2019 – жыл 16 январьда Министрлер Кабинети тәрепинен “Қарақалпақстан Республикасының Мойнақ районын комплексли социаллық-экономикалық раўажландырыў илажлары ҳаққында” ғы Қарары қабыл етилди. Қарар менен сондай-ақ “2019 - 2021 – жылларда Қарақалпақстан Республикасының Мойнақ

районын жедел комплексли социаллық-экономикалық раўажландырыў” Бағдарламасы да тастыйықланды.

Нәтийжеде Арал бойы халқы таза ишимлик суўы менен тәмийинленди. Аралдың қурып қалған орынларында тоғайлықларды пайда етиў, киши суў бассейнлеринде балықшылық хожалықларын шөлкемлестириў есабынан жергиликли халықтың социаллық жақтан қорғалыўы ҳәм бәнтлиги тәмийинленди. Арал теңизи ултанының бир неше жерлеринен қудық қазылып суў шығарылды, сексеўиллер егилди. Соңғы еки жылда бул жердеги халықтың турмыс дәрежесин жақсылаў, жаңа жумыс орынларын жаратыў бағдарында кең көлемли жумыслар әмелге асырылды.

Бүгинги күнде бул жерде жасаўшы халықтың жасаў шараяты әдеўир жақсыланды. Олар келешекке мол исеним менен қарап, толы күш-жигер менен мийнет етип, қурыған теңиз ултанын жасылландырыўға өз үлеслерин қоспақта. Ең тийкарғысы Арал теңизиниң және де толып тасыўына толық исеним менен жасап атыр.

Қарақалпақстан Республикасы Мәлимлеме - китапхана орайының Мағлыўмат – библиография хызмети тәрепинен кең китап оқыўшылар жәмәәтине үлкемиз аймақларын таныстырып барыў мақсетинде жаңа өмирге қәдем қойып, қайта жасарған Арал теңизи ҳәм оның әтирапындағы халықтың турмысын сәўлелендириўши мағлыўматлардан әдебиятлардың усыныў дизими дүзилип отыр.

***Бул усыныў дизим 2 бөлимнен ибарат:***

1. ***Теңиз шегинсе де инсан шегинбейди***
2. ***Арал – жазыўшы- шайырлар тилинде***

## ***Теңиз шегинсе де инсан шегинбейди***

Абдуллаева, Н. Арал шегинбекте, лекин инсан шегинбейди...: [Арал қәддинен 55 метр қашықлықтағы ултанында болып өткен илажда бир топар жаслар қатнасты.

Сондай-ақ университет жаслары Мойнақтың мийнеткеш халқына көтериңки кейпият бағышлайтуғын концерт бағдарламасын инам етти"] // Ustaz joli. – 2020. – 25 янв.

Абибуллаев, Д. Арал апатшылығын биргеликте сапластырыў мәселелерине бағышланды: [2018 -жыл 27 -ноябрь күни КР. Жокарғы Кеңесинде "Аралбойы регионында экологиялық жағдайларды жаксылаў мәселелери ҳәм усы процессте корейс диаспорасының әҳмийети" атамасында халықаралық форум болып өтти]/ Д. Абибуллаев // Қарақалпақстан жаслары. - 2018. - 29 нояб.

Абибуллаев, Д. Аралбойы регионы тарийхында жаңа бет: [Бирлескен Миллетлер Шөлкеминде Аралбойы регионы ушын Инсан қәуипсизлиги бойынша көп тәреплеме шериклик тийкарында траст фондының шөлкемлестирилиўи халқымыз тәрепинен айрықша қанаатланыўшылық пенен күтип алынды] / Д. Абибуллаев // Еркин Қарақалпақстан. - 2018. - 4 дек.

Абибуллаев, Д. Арал машқаласын жумсартыў жолында: 1-февраль күни Нөкисте Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң "2015-2018 - жылларда Арал бойы регионын тиклеў ҳәм социал-экономикалық раўажландырыў, Арал апатшылығының ақыбетлерин жумсартыў бағдарындағы илажлардың комплексли бағдарламасы ҳаққында» ғы қарарының мазмун-мәнисин ҳәм тийкарғы бағдарларына бағышланған семинар болып өтти / Д. Абибуллаев // Қарақалпақстан жаслары. - 2016. - 4 февр.

Абибуллаев Д. Егилген сексеўиллер көгирип шықпақта: Өзбекстан Республикасы Президенти Шавкат Мирзиёев 2018 - жыл 15-16-ноябрь күнлери Қарақалпақстан Республикасына сапары шеңберинде Мойнақ районында да болып, Арал теңизиниң қурыған майданына усы жылы 500 мың гектар жерге сексеўил егиў ўазыйпасын белгилеп берилген еди ҳәм орынланыўы ҳаққында // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 30 март.

Акимниязова, Г. Жипек жолынын Арал бойы қалаларына унамлы тәсири: [дәўир ҳәм тарийх] // Еркин Қарақалпақстан. - 2015. – 15 авг

Аралбойы регионы ушын арнаўлы фонд: [Бирлескен Миллетлер Шөлкеминиң Нью - Йорк қаласында резиденциясында 27 - ноябрь күни БМШның Аралбойы регионы ушын Инсан қәўипсизлиги бойынша көп тәреплеме шериклик тийкарында Траст фонды жумысының басланыўына бағышланған илаж болып өтти] // Ustaz joli'. - 2018. - 1 дек.

Арал теңизиниң қурып барыўы ақыбетинде жүзеге келген экологиялық жағдайды жумсартыў, қоршаған орталықты қорғаў ҳәм де теңиз ултанынан дузлы

шаң - тозаңлар көтерилиуйиниң алдын алыў мақсетинде шөлге шыдамлы өсимликлер егиў бойынша Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң гүллан халқымызға: Үндеўи // Еркин Қарақалпақстан. - 2018. - 29 дек.

Арал турмысында жана дәўирге қәдем қойылмақта: [Теңиз шегинсе де, инсан шегинбейди] // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 7 февр.

Баетов, Қ. Теңизим, сени сағындым: Аўылың Венеция – ғой…; Гөне Қазақдәрьяда...: (Еске түсириў дүркининен) // Қарақалпақстан жаслары. – 2019. - 22 нояб.

Базарбаева Л. Арал бойы мәдений раўажланыў кесиспесинде: [конференция] // Еркин Қарақалпақстан. – 2019. – 24 нояб.

Базарбаев, Ж. Арал дағдарысын сапластырыўдың жаңа стратегиясы: [мүнәсибет] / Ж. Базарбаев // Еркин Қарақалпақстан. - 2018. - 11 сент.

Базарбаев, Ж. Арал теңизи қурыўының ақыбетлерин сапластырыў мүмкин бе?: БМШтың қәўендерлигинде 2018 жыл 28 ноябрь күни Аралбойы аймағы ушын Инсан қәўипсизлиги бойынша көп тәреплеме шериклик тийкарында Траст фонды дүзилди // Еркин Қарақалпақстан. - 2018. - 13 дек.

Базарбаев, Ж. Жәбирленген халықтың тарийхынын жаңа бети ашылды; Ж. Базарбаев // Еркин Қарақалпақстан. - 2018. - 29 дек.

Базарбаев, Ж**.** Шексиз миннетдармыз: [2018 жыл 28 ноябрьде БМШтың гезектеги мәжилисинде Арал апатшылығына қарсы гүресте пүткил дүнья жүзи мәмлекетлериниң бирлигин шөлкемлестириўде, БМШтың басшылығында Траст фондтың дүзилиўи ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 2018. - 4 дек.

Байжанов, Қ. Аралқумда жайлаўлар жаратылады...: [Арал теңизи ултанында жағдайларды жумсартыў бойынша "Аралқум"да жайлаўлар жаратыў жумыслары ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 4 апр.

Байжанов, К., Байжанова Н.. Арал машқаласын шешиўде экологиялық тәрбияның роли. / К. Байжанов, Н. Байжанова // Еркин Қарақалпақстан. - 2016. - 21 июль.

Балтаниязов, Ж. Жасыл тоғайлар - саламатлығымыз гиреўи: [экология] / Ж. Балтаниязов, С. Сарсенбаев // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 19 февр.
Жартыбаев, Ж. Аралдан атлыққан булақ, қәлбиме жақты шырақ: Арал теңизи // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 19 февр.

Жиемуратов, Ә. Арал машқаласы бәршемиздиң дыққатымызда: Экологиялық шембилик // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 29 янв.

Жиемуратов, Ә. Сексеўил егилген майдан 103 мың гектардан асты: Теңиз шегинип атыр, бирақ инсан шегинбейди // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 22 янв.

Жиемуратов, Ә. Сексеўил егиў жумыслары жедел даўам етпекте: [Арал машқаласының ақыбетлерин сапластырыў, экологиялық жағдайды жақсылаў мақсетинде қурыған ултанына сексеўил егиў жумыслары ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 17 янв.

Искендеров, Ж. Халық хабардарлығын арттырыў жолында: Тәбият ҳәм биз // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 10 янв.

Каримов, К. Арал бойы абат болады...: Мүнәсибет // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 10 янв.

Кемалова, А. Елимиздиң раўажланыўына үлес қосыўдан шаршамаймыз: Арал шегинсе де биз шегинбеймиз! [Қарақалпақстан жасларының шын жүректен шыққан сөзлери] // Қарақалпақстан жаслары. – 2020. – 23 янв.

Қанаатов, Е. Мойнақтан 200 километр алыста - Аралдың қурыған ултанында душшы суў табылды: Жаңалық // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 29 янв.

Қанаатов, Е. Теңиз шегинип атыр, бирақ, инсан шегинбейди: Халықаралық пресс - клубтың гезектеги сессиясы биринши мәрте Нөкис қаласынан дерлик 300 километр узақта - Аралдың қурыған ултанында өткерилди // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 8 янв.

Қанаатов, Е. Уллы үстирт үлкеси ҳәм алыс Арал айдынларына саяхат: [медиатур] / Е. Қанаатов // Еркин Қарақалпақстан. - 2017. - 24 окт.

Қунназаров, К. Арал: (толғаныслар, болжаўлар) [Арал машқаласын шешиўде алып бпрылып атырған жумыслар ҳаққында] // Әмиўдәрья. – 2019. – № 6. – Б. 95 – 97.

Қурбанбаев, С. Суўдың да сораўы бар: Суў машқалалары бойынша // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 17 янв.

Мамбетирзаева, Н. Тамшы суўда теңиз сәўлеси: [публицистика] // Қарақалпақстан жаслары. – 2020. – 23 янв.

Машарипова, Т. Ўатан ушын сексеўилдей көгериўге таярман! [Республикамыздағы жоқары оқыў орынларының студент – жаслары жаслар

жетекшилериниң жол баслаўында Мойнақ районында 9 – 10 - январь күнлери еки күн даўамында саяҳат болды] // Еркин Қарақалпақстан. – 2020. – 21 янв.

Мойнақ. [Мойнақ районыны дүзилгениниң 80 жыллық юбилейине бағышланған топлам] /Дүзиўшилер: Қ. Утениязов; М. Хожамуратов; пикир билдириўши: А. Жумашев. – Нөкис: Билим, 2012. – 88 б.

Муратбаева, Г. Арал тәғдири – жаслар тәғдири: Арал шегинсе де биз шегинбеймиз! Қарақалпақстан жасларының шын жүректен шыққан сөзлери // Қарақалпақстан жаслары. – 2020. – 23 янв.

Өзбекстан Республикасы Президенти Шавкат Мирзиёевтиң Туркменстан Туркменбашы қаласында болып өткен Аралды қуткарыў халықаралық қорын шөлкемлестириўши мәмлекетлер басшылары кеңесинин мәжилисинде шығып сөйлеген сөзи // Еркин Қарақалпақстан. - 2018. - 28 авг.

Өтениязов Ж. Гүллен Мойнақ, Аралдың ақ моншағы: [Жазыўшының жол дәптеринен; Мойнақ районы ҳаққында сөз етиледи] // Еркин Қарақалпақстан. – 2019. – №.106. – Б.3.

Өтеўлиев, Ө. Аспанлап ушқан қуслар теңизултанына көз тиккенде...: Тәбият - бизиң уйимиз // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 19 янв.

Өтеўлиев, Ө. Теңиз бойларын жаңлатқан Наўрыз - этнофестиваль...: [30 - 31 - март - күнлери Мойнақта этнографиялық фестиваль болып өтти] // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 2 апр.

Өтеўлиев, О. Тениздиң ески жағысына тутасажақ полиэтилен труба - "дәрья": ("Қоңырат-Мойнақ" суў тармақларының ылғаллы қурылысы басланды) // Еркин Қарақалпақстан. - 2017. - 2 февр.

Өтеўлиев, Ө. Теңиздиң ески жағысындағы қайта жаңарған Мойнақ: [Районның бас архитекторы Ханымай Саметовна Жетписова менен сәўбет] // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 22 янв.

Өтеўлиев Ө. Тоғайдан тоғай туўылмақта…: [Теңизултанына ийгиликли атланыс даўам етпекте] // Еркин Қарақалпақстан. – 2020. – 11 янв.

Оразов, А. Экологиялық жағдайды жақсылаўға бағышланды: [Өзбекстан Жаслар Аўқамы Қарақалпақстан Республикасы Кеңесинде халықаралық шөлкемлер менен биргеликте Орайлық Азия жасларының "Аралды қутқарайық" атамасында илимий - әмелий конференция болып өтти] // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 4 апр.

Отарбаев, Р. Теңиз бизден узақ емес: [қосық] // Еркин Қарақалпақстан. - 2017. - 3 июнь.

Полат Айнур. Арал еле толып тасады: [Келешекке үмит; Арал теңизиниң өтмиши ҳәм келешеги ҳаққында ] // Еркин Қарақалпақстан. – 2019. – 21 сент.

Реймова Г. Арал теңизи атаўларындағы өмир: [Үлкемиз тарийхынан Мақала Мойнақ районында балықшы, фельдшер, педиатр, бас шыпакер лаўазымларында ислеген, ҳәзирги күнде пенсионер, Өзбекстан Журналистлери дөретиўшилик аўқамының ағзасы Қаржаўбай Баетовтың Арал теңизинде көрген қызықлы ўақыялары ҳаққында] / Г. Реймова // Қарақалпақстан жаслары. – 2019. – №.30.

Реймов, К. Аралдың аққуўын еслеп: [Тамара Давлетмуратованың "Валерина" китабы ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 2018. - 22 нояб.

Сабиров, Г. Теңиз ултанында өсимликлер дүньясын пайда етиў машқалалары: Илимпазлар пикири // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 23 февр.

Сагидуллаев, А. Мениң Мойнағым – мениң мақтанышым: [Арал шегинсе де биз шегинбеймиз! Қарақалпақстан жасларының шын жүректен шыққан сөзлери; Арал теңизи, Мойнақ, жаслар ҳаққында] Қарақалпақстан жаслары. – 2020. – 23 янв.

Сагидуллаев, А. Мениң Мойнағым мақтанышым: Арал шегинсе де, биз шегинбеймиз! [Мойнақ районында алып барылып атырған кең көлемли жумыслар ҳаққында]// Еркин Қарақалпақстан. – 2020. – 21 янв.

800 мың гектарға шамалас жер майданы сексеўил егиўге таяр: [Мойнақ районында Аралбойы аймақларында жүз бериўи мүмкин болған айрықша жағдайлардың алдын алыўға қаратылған илажлар ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 12 февр.

Төремуратов, С. Аралым - әрманым мениң: Арал машқаласы // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 7 февр.

Турдымамбетов, И. Арал машқаласы: [сапластырыўдың жаңа стратегиясы ҳәрекетте]/ И. Турдымамбетов // Еркин Қарақалпақстан. - 2018. - 11 окт.

Улуғмурадов, Д. Мойнақ "Саҳра меръўерти"не айланады: Теңиз шегинсе де, инсан шегинбейди // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 9 февр.

Умарова, И. Арал машқаласын сапластырыў - бүгинниң әҳмийетли ўазыйпасы: [Ургенч қаласында конференция болып өтти] / И. Умарова // Еркин Қарақалпақстан. - 2014. - 30 окт.

Үббиниязов Ж. Мойнақ балық - консерва заводы. / Ж. Үббиниязов. – Нөкис: Қарақалпақстан. – 1980. – 58 б.

Ханиязов, З. Арал машқаласын сапластырыў - әҳмийетли ўазыйпа / З. Ханиязов // Еркин Қарақалпақстан. - 2016. - 11 окт.

Ханиязов, З. Орол денгизининг бугунги кундаги ҳолати/ З. Ханиязов // Qoraqalpog'iston tongi. - 2016.-11 февр.

Хониязов, З. Орол денгизининг бугунги кундаги ҳолати: [Инсон ва табиат]/ З. Хониязов // Ustaz joli'. - 2016. - 30 янв.

Хусанова, М. БМШ қәўендерлигинде дүзилген Траст фондының биринши доноры - Өзбекстан: Ташкентте 24 - январь күни БМШтың Арал бойы аймағы ушын Инсан қәўипсизлиги бойынша көп тәреплеме шериклик тийкарында Траст фонды басқарыў кеңесиниң дәслепки мәжилиси болып өтти // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 26 янв.

Шагилов И. Өткен күнлерди еслеймен. / И. Шагилов – Нөкис: Билим. – 2012. – 263 б.

Элмуродов, М. Арал машқаласын сапластырыў бойынша регионаллық бирге ислесиў жана басқышқа көтерилмекте / М. Элмуродов // Еркин Қарақалпақстан. - 2018. - 28 авг.

Элмуродов, М. Жаңа жойбарлар адамлардың турмыс дәрежесин буннан былай да жоқарылатыўға хызмет етеди: [Өзбекстан Республикасы Президенти Шавкат Мирзиёев орынларда әмелге асырылып атырған реформалар, алып барылып атырған дөретиўшилик жумыслары, ири жойбарлар менен танысыў мақсетинде 15 - ноябрь күни Қарақалпақстан Республикасына келди]; М. Элмуродов, З. Жонибеков, Е. Қанаатов // Қарақалпақстан жаслары. - 2018. - 22 нояб.

## *Арал - жазыўшы-шайырлар тилинде*

Дәўлетназаров Х. Анажаным, Әмиў – Аралым: [толғаў: «Дос болыў ҳәмменин қолынан келмес» китабынан] - Нөкис: Қарақалпақстан, 1994. – 124 б.

Дәўлетназаров Х. Теңиз туўралы толғаў: [Арал машқаласы –елдиң машқаласы конкурсы] //Қарақалпақстан жаслары. - 2003. - 27 нояб.

Жумамуратов Т. Аралға келдим оралып: [қосықлар] - Нөкис: Qaraqalpaqctan, 2016. - 324 б.

Қабулов Т. Аму билан суҳбат: [шьер] / қорақалпоқ тилидан Қ. Раҳимбоева тарж. // Узбекистон адабиёти ва саньати. - 1987. – 16 окт.

Қабулов Т. Әмиў менен сөйлесиў; Аралды ойласам: [қосықлар] // Совет Қарақалпақстаны. - 1987. – 14 май.

Қабулов Т. Қар жаўып тур; Тилим болғанда – ма...:, Мениң ағам; Мен ҳайранман; Ошақ басындағы сөз; Арал; Арал қызларының қосығы: [монолог, қосықлар] // Әмиўдәрья. - 2005. - №1. - Б. 3.

Қайыпбергенов Т. Арал ҳәм Арал бойы проблемалары. // Әмиўдәрья. - 1989. - № 1.

Мәтякубова Г. Пидайылық раўажландырар журтымызды...: [Ғәрезсизлигимиздиң 26 жыллығы алдынан Мойнақ районының жетискенликлери, Арал теңизи хаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 2017. - 15 авг.

Нызанов М. Аралға сапар: [«Теңиз шегинсе де инсан шегинбейди»: усы уран астында мийнет етип атырған заманласларымыздың ерликлери ҳәм мәмлекетимиз тәрепинен исленип атырған ғамхорлықлары туўралы] / М. Нызанов. – Нөкис: Билим, 2019. – 88 б.

Шамуратова Г. Аралым - әрманым: [қосықлар] // Әмиўдәрья. - № 2. - Б. 38 - 41.

Юсупов И. Арал элегиялары: [қосық] // Әмиўдәрья. - 1988.- № 12.- Б. 3 – 7.

Юсупов И. Арал элегиялары дүркиминен: [қосық] // Ленинабад таңы. - 1989. - 4 май.

Юсупов И. Ҳағла: Әмиўим: [қосық] // Еркин Қарақалпақстан. - 1993. - 28 авг.

***Дүзиўши:***

***Мағлыўмат – библиография***

***хызмети бас библиографы:*** ***Г. Тажимуратова***